

Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PAK ETA JONES BEACH LAN AP RESEVWA FÈT
SELEBRASYON 90YÈM ANIVÈSÈ WIKENN SA A**

***Frè Pakin 10 dola a Redwi ak Pri Wikenn 1929 Orijinal 50 Santim Dimanch 4 Out
2019***

Pak lan Mete an Valè Plis pase 100 Milyon dola nan Reparasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Pak Eta Jones Beach (Jones Beach State Park) lan pral selebre 90yèm anivèsè li avèk gato ak ti gato anivèsè, yon seri pèfòmans ak komemorasyon istorik wikenn sa a. Dimanch 4 Out 2019, 90yèm anivèsè dedikas fòmèl pak lan Gouvènè Franklin D. Roosevelt te fè a, frè pakin lan pral redwi soti nan frè aktyèl 10 dola ak 50 santim pou chak machin.

"Pak Eta Jones Beach lan prè pou lavni epi li parèt pi bon pase jamè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se pa jis yon pak - se yon moniman piblik ki pral chanje lavi moun yo, epi mwen ankouraje Nouyòkè yo ak touris yo ansanm pou ede nou selebre anivèsè li wikenn sa a nan patisipe nan kèk aktivite ak evènman pasyonan ki planifye yo."

"Pak Eta nou yo se yon pati enpòtan nan eksperyans New York lan, ki ap bay opòtinite rekreyatif enkwayab nan chak rejyon", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan ke nou ap selebre 90yèm sezon estival nan Jones Beach, nou pa ka tann pou ekspoze pakèt amelyorasyon ki te fèt yo pou ranfòse amizman ak eksitasyon nan youn nan bijou nan sistèm pak Eta nou an."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Jwayo kouwòn sistèm pak nou an ap briye avèk ekla a 90 ane. Plizyè milyon Nouyòkè te pwofite pak bò lanmè sa a depi li te ouvè menm wikenn sa a an aryè an 1929, epi gras ak angajman Gouvènè Cuomo pou renovasyon li, plizyè milyon ankò pral pwofite li pandan deseni ki ap vini yo".

Senatè John Brooks te deklare, "Jones Beach te toujou jwayo Long Island. Pandan plizyè deseni moun soti toupatou te vin pwofite lanmè a epi patisipe nan pakèt kilomèt aktivite pwomnad yo. Wikenn sa a nou ap selebre non sèlman 90yèm ane li kòm premye destinasyon fanmi yo pou amizman ak relaksasyon nan epòk estival la, men pakèt reparasyon ki ap fèt yo sa ki pral asire pwochen 90 ane yo pi bon ankò".

Manm Asanble, David G. McDonough, te deklare, "Mwen kontan pou rejwenn avèk Komisè Erik Kulleseid pou selebre 90yèm Anivèsè kreyasyon Pak Eta Jones Beach ke Robert Moses te konsevwa orijinalman pou amelyore rejwisans tout rezidan Eta New York yo. Pak Eta Jones Beach lan se jwayo kouwòn sistèm Pak Eta New York lan epi mwen pa ka tann pou selebrasyon 100yèm Anivèsè a".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Mwen fyè ke Konte Nassau se lakay yon plaj ki sitèlman mèvèye konsa ki atire anpil rezidan ak touris ansanm epi mwen pa ka tann pou amelyorasyon alavni yo pou rann plaj anblematik sa a pi bon ankò".

Anpil evènman planifye pou wikenn anivèsè a nan pak lan ki mezire 976.50 ekta, ki sitiye sou yon zile baryè avèk plis pase nèf kilomèt plaj sab sou Oseyan Atlantik lan. Pak lan, Robert Moses te konsevwa a, te nan Rejis Nasyonal Sit Istorik yo depi 2005 epi li atire plis pase sis milyon vizitè pa ane.

Evènman yo gen ladan yon vilaj kamyon manje ki ap prezante Cousin's Maine Lobster All Star Especiaties, Neapolitan Pizza Express, Simply Greek, Bells BBQ ak lòt ankò, nan West Bathhouse lan, ki ap disponib toude jou yo soti midi jiska 8è p.m.

Soti 4è jiska 8è p.m. toude jou yo, jwèt gonflab pou timoun yo pral disponib nan West Bathhouse Grass Panel lan, aktè nan kostim epòk yo pral flannen sou pwomnad lan; pral genyen jwèt gazon nan West Bathhouse lan; pral genyen estasyon moun ka fè foto pou kont yo ki ap prezante foto koupe sou inifòm amizan anplwaye pak Jones Beach yo nan tan pase.

Genyen tou yon prezantasyon majik ki pwograme nan West Bathhouse soti 6è jiska 6:45 p.m., yon jonglè anbilan sou pwomnad lan soti 6:30 jiska 7:30 p.m. epi yon gwoup chan estil Dezyèm Gè Mondyal, American Bombshells, pral pèfòme sou Showmobile lan sou West Grass Panel lan soti 7è jiska 8:30 p.m.

4 Out, frè pakin nòmal 10 dola a pral bese ak 50 santim, pou reflete frè wikenn lan ane ke Jones Beach lan te ouvri a. Jou sa a, yo pral koupe yon gato anivèsè ki peze 400 liv epi yo pral distribye moso yo apati 11 a.m. nan Central Mall lan. Apresa, yo pral distribye 9,990 ti gato gratis nan tout pak lan.

Pou kouwone fèt lan, plizyè panèl ki ap prezante istwa rich pak lan pral devwale sou ray pwomnad lan andedan Central Mall lan an fas Boardwalk Café a.

Depi 2011, Pak Eta yo te konplete epi lanse plis pase 100 milyon dola nan pwojè yo pou restore grandè istorik Pak Eta Jones Beach lan, repare dega Gwo Tanpèt Sandy yo, atire nouvo vizitè epi kreye nouvo etablisman rekreyatif nan kad yon plan revitalizasyon sou plizyè ane anba Plan NY Parks 2020 Gouvènè a.

Pwojè yo reyalize yo gen ladan reyamenajman Konplèks West Bathhouse (West Bathhouse Complex) lan ak Field 6, restorasyon mozayik Central Mall istorik yo, nouvo lakou rekreyasyon nan Zòn Jwèt Lwès (West Games Area) lan ak Zach's Bay, nouvo siyalizasyon nan antre prensipal yo, achèyman nouvo restoran Boardwalk Café a, ak yon nouvo pak WildPlay Adventure avèk tiwolyèn yo. Nan kòmansman ane sa a, [Wout Miltifonksyon Jones Beach](#) lan te ouvri, sa ki bay yon nouvo santye lwazi ki mezire 7 kilomèt ki ofri moun k ap mache yo, patinè yo, kourè yo ak siklis yo vi sou lanmè ki espektakilè.

Plis amelyorasyon ap vini nan Jones Beach. Pita nan lete sa a, nouvo teren baskètbòl yo pral ouvri nan Zòn Jwèt Lès lan (East Games Area). Pwojè 1.3 milyon dola a pral

enstale yon teren baskètbòl konplè epi senk mwatye teren baskètbòl ansanm ak ekleraj, baryè, ban yo ak fontèn pou moun bwè dlo yo.

Yo pral fè konstriksyon tou ane sa a nan yon seri amelyorasyon adisyonèl nan Jones Beach ki ap fin acheve an 2020, gen ladan;

- Renovasyon ki koute 4.2 milyon dola pou Zòn Jwèt Lwès lan, ki prezante yon nouvo ti tèren gòlf, tèren jwèt ki reyamenaje ak nouvo yo tankou pickleball ak jwèt palèt yo, nouvo ban yo, tab yo, baryè ak ekleraj yo ak amelyorasyon adisyonèl nan sit yo.
- 2.4 milyon dola nan amelyorasyon peyizaj ak òtikilti yo nan West Bathhouse, Central Mall ak Zòn Jwèt Lès lan pou renove zòn ki gen gazon yo ak espas pou plante yo, plante nouvo ti pye bwa yo, zèb ònemantal yo ak plant aksè sezonye yo, epi enstale nouvo sistèm irigasyon ak elektrik.
- Renovasyon ki koute 1.2 milyon dola pou Central Mall lan, gen ladan nouvo twotwa yo, pave an wòch ble ak an beton yo, ranp aksè ki reyamenaje, epi sèvis piblik nouvo ak reyamenaje yo.

Pak Eta yo kontwole plis pase 250 pak, sit istorik yo, santye rekreyatif yo, teren gòlf yo, ranp lansman bato yo ak plis ankò, ki te resevwa yon rekò vizit nan men 74 milyon moun ane pase. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)